

SA POU W KONNEN AVAN W FÈ APÈL REKOU

Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an Siklòn Irma

PÈSI

Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la bay aplikan yo opòtinite pou yo fè apèl rekou si yo pa dakò ak desizyon pwogram lan pran yo. Ou elijib pou w fè apèl rekou sèlman apre ou te resevwa yon detèminasyon ofisyèl konsènan estati elijiblite w ak prim sibvansyon korespondan an (si aplikab), epi avan w te siyen akò sibvansyon ou an.

- Aplikan yo dwe soumèt apèl rekou yo alekri nan yon delè 30 jou kalandè apati de dat ki sou lèt doktwa sibvansyon yo a oswa lèt detèminasyon elijiblite yo a.
- Ekip apèl rekou a aplike politik pwogram ki an vigè yo sèlman epi yo pa ka ale andeyò de politik sa yo pou yo pran yon desizyon.

PREPARASYON POU FÈ APÈL REKOU

Antanke aplikan an, se responsablite w pou w sipòte ka w la. Sa vle di ou dwe chwazi yon rezon espesifik ki fè w ap fè apèl rekou a, asire w soumèt tout dokiman sipò nan moman w ap fè apèl rekou a epi asire ekip apèl rekou a gen tout sa yo bezwen pou yo fè yon revizyon apwofondi. Ekip apèl la pa responsab pou yo kolekte oswa mande dokiman ki manke yo ni mande plis enfòmasyon.

Ou ka fè apèl rekou pou rezon ki annapre yo.

REZON	EGZANP
Refi aplikasyon mwen an baze sou egzijans elijiblite yo	Posesyon Pwopriyete a, Moun ki nan Kay la, Nivo Dega, Pa Konfòm sou plan Asirans Inondasyon, elatriye.
Refi aplikasyon mwen an baze sou tip estrikti mwen an	Apatman, Estrikti Detache, Pòsyon yon Estrikti Rezidansyèl yo Dedye a yon Biznis nan Kay, elatriye.
Kantite Sibvansyon mwen resevwa pou fè amenajman, elvasyon, oswa rekonstriksyon kay mwen an	Estati (revini/kantite moun ki gen nan kay la) Revni Fèb ak Modere (LMI), Responsablite Depo Fidisyèl/Mèt Kay la, SBA, FEMA, Asirans Prive, NFIP, Lòt Finansman DOB yo
Egzijans pou rekonstwi kay mwen an	Pri yo Estime Reparasyon yo ap Koute, Kad Travay la
LÒT	Inelijib Avan Soumisyon Aplikasyon an, Inelijib Akoz Ou pa Reponn

APÈSI PWOSESIS LA

Y ap pran pifò desizyon apèl rekou yo nan yon delè 30 jou kalandè apre odyans apèl ou a epi y ap voye yon lèt detèminasyon apèl ba ou pa lapòs. Si ou gen yon avoka ki reprezante w, y ap voye lèt detèminasyon apèl la ba avoka w la. Lèt detèminasyon apèl la eksplike desizyon ekip apèl la pran epi li bay enstriksyon pou pwochèn etap pou w pran.

<p>ETAP 1</p> <p>Aplikan an resevwa detèminasyon ofisyèl konsènan estati elijiblite l.</p>	<p>ETAP 2</p> <p>Aplikan an soumèt yon apèl rekou nan yon delè 30 jou kalandè apati de dat ki sou lèt oktwa sibvansyon yo a oswa lèt detèminasyon elijiblite yo a.</p>	<p>ETAP 3</p> <p>Ekip apèl la revize tout dosye a nèt ansanm ak nouvo dokiman yo soumèt yo pi fè yon odyans nan telefòn avèk aplikan an.</p>	<p>ETAP 4</p> <p>Ekip apèl la pran yon desizyon nan yon delè 30 jou apre odyans apèl la.</p>	<p>ETAP 5</p> <p>Si aplikan an pa dakò ak desizyon ekip apèl la pran, yo ka soumèt yon apèl rekou nan Divizyon Odyans Administrativ la.</p>
---	---	---	---	--